



Pou Piblikasyon Imedya: 15/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AKÒ SOU BIDJÈ ETA POU ANE FISKAL 2025 LA

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon akò konseptyèl ak lidè lejislatif yo sou priyòrite prensipal yo nan Bidjè Eta New York pou Ane Fiskal 2025 la.

"Mwen te pwomèt pou m batay bon batay la pou Nouyòkè yo, bay solisyon bon sans, ak atake pwoblèm ki pikan ke lòt moun ta ka inyore, epi se egzaktman sa nou te fè", **Gouvènè Hochul te deklare.** "N ap bay yon ajanda bon sans: konbat krim, repare sistèm sante mantal nou an, ak bati plis lojman pou moun ka finalman gen mwayen pou viv nan New York."

Pwen yo ki nan Bidjè a enkli:

- Sekirize **yon akò istorik pou adrese kriz lojman New York la** nan kreye yon nouvo ankourajman taks 485x pou lojman abòdab; pwolonje ankourajman 421a pou pwojè ki deja nan filyè a; fè li pi fasil pou konvèti espas biwo ki pa itilize yo an lojman abòdab; elimine limit dansite demode nan Vil New York; debloke potansyèl inite yo ki te vid depi 2019; tabli yon nouvo lwa pou pwoteje lokatè yo kont ogmantasyon pri yo.
- Kreye yon **ankourajman taks nan tout eta a pou lojman pou plizyè fanmi**; fè 650 milyon dola nan fon diskresyonè disponib sèlman pou Kominote an Favè Lojman yo; bay ankourajman pou kominote ki vle plis inite lojman akseswa; investi 500 milyon dola pou devlope jiska 15,000 nouvo inite lojman sou sit Eta a; epi pwoteje pwopriyetè kay kont vòl papye pwopriyete.
- **Fè represyon kont vòl an detay** nan ogmante penalite pou delenkan ki atake travayè an detay; \$40.2 milyon dola pou ranfòsman vòl an detay; ak yon kredi taks 3,000 dola pou pwopriyetè biznis yo investi nan resous sekirite yo.
- **Fermen boutik kanabis ilegal** yo pa otorize Biwo Jesyon Cannabis (Office of Cannabis Management, OCM) pou kadnase biznis yo pou yon ane konplè; pèmèt gouvènman lokal yo pase lwa pou egzekite lòd kadnase a; tabli amann pou pwopriyetè k ap lwe detayan k ap vann kanabis san lisans yo.
- Konbat **vag rayisman k ap monte** a nan ogmante kantite ofans ki ka pouswiv kòm krim rayisans epi investi 35 milyon dola nan Sibvansyon pou Sekirize Kominote yo Kont Krim Rayisans (Securing Communities Against Hate Grant) ki pwoteje tanp adorasyon yo, lekòl relijye yo ak lòt sit ki riske.

- Amelyore sekirite piblik **atravè envèstisman vize nan kominote yo**, ki gen ladan 347 milyon dola pou kontinye efò New York ap fè pou diminye ak anpeche vyolans ak zam ak 35.7 milyon dola pou anpeche ak pouswiv krim vyolans domestik.
- Envesti 7.1 milyon dola pou **diminye residivis ak amelyore reyensèsyon** nan mendèv la nan bay sipèvizyon plis entansif pou moun ki an libète pwovizwa, elaji opòtinite lojman tranzisyon yo, elaji pwogram kolèj nan tout prizon eta yo, epi bay transpò pou vizitè yo ale ak soti nan Etablisman Koreksyonèl Eta a yo.
- **Fè lari nou yo vin pi an sekirite** ak nouvo efò pou konbat evazyon peyaj sou wout nou yo ak evazyon pri tikè yo nan tren nou yo.
- Fè **envèstisman rekò nan sante mantal**, ki gen ladan 19 milyon dola pou sèvis sante mantal pou timoun ki gen laj pou ale lekòl yo, 55 milyon dola pou etabli 200 nouvo kabann sikyatrik pou pasyan ki entène nan etablisman Eta a; epi egzijè pi bon swen sante mantal nan lopital yo.
- **Envesti 31 milyon dola pou elaji sèvis sante mantal** pou premye sekouris yo ak pou moun ki gen difikilte ak maladi mantal ki enplike nan sistèm jistis kriminèl la.
- Kenbe angajman 3.9 milya dola nou an pou **sipòte lopital ki gen difikilte** yo ak 20 milya dola envestisman pou plizyè ane pou **konstwi nouvo enfrastruktir swen sante**, elaji kouvèti Medicare pou granmoun aje yo ak Nouyòkè ansent yo epi ogmante salè minimòm travayè swen adomisil la.
- **Pwoteje manman yo ak tibebe yo** lè nou vin premye eta nan nasyon an ki ofri konje peye pou fanm ansent yo; mande patwon yo bay tan pou manman k ap bay tete eksprime; adrese pwopagasyon pwosedi chirijikal yo nan sitiasyon kote yo pa nesèsè; epi ogmante aksè ak swen pou depresyon apre akouchman.
- **Garanti 200 milyon dola nan ekonomi Medicaid** atravè entèmedyè fiskal yo ak nan restriksyon sou fwod CDPAP; **investi 7.5 milya dola nan sistèm swen sante** a pandan twa pwochen ane yo atravè yon amannman nan pwogram Demonstrasyon Seksyon 1115 Medicaid New York pou sipòte yon seri aksyon konplè pou avanse ekite nan sante, diminye disparite nan sante, ak ranfòse aksè a swen sante primè ak konpòtman atravè eta a.
- Otorize Eta a pou **chèche jwenn apwobasyon federal pou yon taks pou òganizasyon swen jere (MCO)**, ki kapab jenere revni enpòtan pou Eta a bay yon envestisman pou plizyè ane nan sistèm swen sante New York la.
- **Envesti 150 milyon dola pou avanse NY SWIMS** epi konstwi pisin atravè eta a, ede Nouyòkè yo aprann naje, epi kenbe yo an sekirite nan dlo a ak toupre dlo.
- **Sipòte elèv New York yo** atravè finansman rekò pou lekòl P-12 yo; **investi yon rekò 35.9 milya dola nan èd total lekòl**, ki gen ladan 24.9 milya dola nan èd Fondasyon; bese faktè enflasyon an nan Fòmil Èd Fondasyon pou ajiste finansman pou ane lekòl 2024-25 la ak komisyone yon etid Rockefeller Institute pou egzamine Fòmil Èd Fondasyon an pou prepare pou chanjman ane pwochen; asire ke chak distri lekòl itilize meyè pratik ansèyman ki chita sou Syans Lektik pou amelyore konpetans nan lekti nan mitan timoun New York yo.
- Avanse yon **ajanda Pwoteksyon ak Abòdababilite Konsomatè** pou diminye depans yo epi kenbe lajan nan pòch Nouyòkè yo lè nou elimine pataje pri pou ensilin pou plizyè milye Nouyòkè; ranfòse pwoteksyon kont pratik biznis enjis;

reyalize pi gwo ogmantasyon nan benefis pou konje medikal ak andikap peye nan plis pase twa deseni; epi ede Nouyòkè yo konbat dèt medikal.

- **Etabli Empire AI**, yon konsòsyòm k ap menen nan peyi a ki pral kreye ak lanse yon sant enfòmasyon entelijans atifisyèl dènye modèl nan Buffalo pou kolèj ak inivèsite New York yo itilize pou asire plas New York nan tèt entelijans atifisyèl la ak avanse AI pou byen piblik la.
- Ofri sipò finansman **enpòtan pou sistèm transpò piblik nan tout eta a**, ki gen ladan 7.9 milya dola nan èd pou opere MTA a, 333 milyon dola pou sistèm transpò nan lòt eta a, ak 551 milyon dola pou sistèm ki pa MTA nan sid eta a, yon ogmantasyon 5.4 pousan nan finansman.
- Avansman **pwogram enfrasstrikti k ap mennen nan peyi a** nan kontribiye 2.6 milya dola pou twazyèm ane a nan yon rekò 32.9 milya dola Plan Kapital DOT senkan an, finansman pwojè k ap rekonekte kominote yo atravè eta a, ak 100 milyon dola pou pwogram lokal atravè pwogram CHIPS la.
- Fè **envèstisman rekò nan anviwònman an** ak 500 milyon dola pou dlo pwòp, 400 milyon dola pou Fon Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Fund, EPF), ak 47 milyon dola pou sipòte objektif Gouvènè a pou plante 25 milyon pye bwa disi 2033.

Avèk yon akò konseptyèl anplas, chanm lejislatif la yo prevwa adopte pwojè lwa yo ki pral pwomilge priyorite sa yo. Yo estime Bidjè total la pou Ane Fiskal 2025 la apeprè 237 milya dola kounye a, dapre yon evalyasyon preliminè chanjman yo negosye yo nan pwopozisyon Egzekitif la. Bidjè ane fiskal 2025 la pa ogmante revni oswa taks sou biznis nan tout eta a epi li kenbe rezèv eta a nan estanda lò 15 pousan pou yon "jou lapli."

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)

Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)